



Kisa ou bezwen konnen Lè Ou Jwenn Benefis Retrèt oubyen Sivivan yo

Ki sa ki andedan

| | |
|--|----|
| Entwodiksyon | 1 |
| Sou benefis ou yo | 1 |
| Sèvis nou ofri | 2 |
| Kisa ou dwe rapòte bay nou | 3 |
| W ap travay epi w ap jwenn Social Security an menm tan | 6 |
| Lòt enfòmasyon enpòtan | 8 |
| Eksplikasyon sou Medicare | 10 |
| Pou kontakte Sekirite Sosyal | 12 |

Entwodiksyon

Ti liv sa a eksplike kèk nan dwa ak responsablite ou yo lè w ap resevwa benefis retrèt oubyen sivivan.

Nou konseye ou pran tan pou ou li ti liv sa a, apre sa mete l nan yon kote li an sekirite pou w jwenn li lè ou pral bezwen li.

Si ou jwenn tou pèman Supplemental Security Income (SSI), li *What You Need to Know When You Get Supplemental Security Income (SSI)* (Publication No. 05-11011).

Sou benefis ou yo

Kilè epi kòman nou peye ou benefis ou yo

Nou peye benefis Social Security chak mwa. Nou peye benefis yo nan mwa ki vini apre mwa nou dwe ou an. Pa egzanp, w ap resevwa benefis mwa jiyè ou an nan mwa out. An jeneral, jou nan mwa a ou resevwa benefis ou an depann de dat nesans moun ou resevwa benefis sou dosye salè li an. Pa egzanp, si ou jwenn benefis kòm on travayè ki retirete, nou peye ou benefis ou an dat nesans ou. Si w ap resevwa benefis ki baze sou travay madanm/mari ou, w ap resevwa pèman benefis ou an dat nesans madanm/mari ou an.

| Dat nesans | Benefis yo peye ou chak mwa |
|-------------|-----------------------------|
| 1ye – 10èm | Dezyèm Mèkredi |
| 11èm – 20èm | Twazyèm Mèkredi |
| 21èm– 31èm | Katriyèm Mèkredi |

Si ou resevwa benefis Social Security ak SSI, pèman Social Security ou an ap rive twazyèm (3zyèm) pati nan mwa epi pèman SSI ou an ap rive premye (1ye) pati nan mwa a.

Pèman elektwonik yo

Lè ou aplike pou benefis Social Security, ou dwe enskri pou ou resevwa lajan ou elektwonikman.

Depo dirèk se yon mwayen senp, sekirite pou ou resevwa benefis ou yo. Kontakte bank ou an pou li ka ede w enskri. Oubyen ou ka enskri pou depo dirèk lè ou louvri yon kont gratis *my* Social Security oubyen lè ou kontakte nou. Ou ka chwazi tou pou w resevwa pèman ou pa pwogram kat Direct Express® card program. Ak Direct Express®, depo ki se pèman federal yo ale dirèkteman nan kont kat la. Enskripsyon pou kat Direct Express® la rapid epi fasil. Rele nan nimewo gratis sa a Treasury Electronic Payment Solution Contact Center (Sant Kontak Solisyon Pèman Elektwonik Trezò a) nan **1-800-333-1795**. Oubyen enskri an liy nan **www.GoDirect.org**. Social Security ka ede ou enskri tou.

Yon twazyèm altènativ se yon kont transfer elektwonik. Kont ba pri sa a, ki gen asirans federal, pèmèt ou jwi sekirite ak konfò pèman otomatik yo. Ou ka kontakte nou oubyen vizite sit entènèt la nan **www.eta-find.gov** pou ou pran enfòmasyon sou pwogram sa a, oubyen pou w jwenn yon bank, epay ak prè, oubyen yon sendika kredi ki tou pre ou ki ofri kont sa a.

Si ou pa resevwa pèman elektwonik ou nan dat yo dwe ou li a, rele nou menm kote a nan nimewo gratis nou an, **1-800-772-1213**.

Si ou resevwa yon pèman elektwonik ke ou konnen ke yo pa dwe ou, fè enstitisyon finansyè ou an retounen li bay U.S. Department of the

Treasury (Depatman Trezò Ameriken). Si ou aksepte pèman ke ou konnen ki pa pou ou, yo ka pouswiv ou lajistis kòm kriminèl.

Peye taks yo sou benefis ou yo

Anviwon 40 pousan nan tout moun ki resevwa benefis Social Security yo genyen pou yo peye taks sou benefis yo an. Ou pral gen pou w peye taks sou benefis ou yo si ou ranpli yon federal tax return (fòm federal deklarasyon lajan ou fè) kòm “individual” (endividyèl), epi total revni ou an depase \$25,000. Si ou ranpli yon deklarasyon ansanm ak mari w/madanm ou, ou pral gen pou w peye taks ou menm ak mari w/madanm si ou gen yon revni total ki depase \$32,000. Si ou marye epi nou ranpli deklarasyon nou separe, ou pral gen pou w peye taks pwobableman sou benefis ou yo.

Pou ou kenbe nan taks federal yo, ou ka pran yon fòm W-4V nan men Internal Revenue Service lè ou rele nan nimewo telefòn gratis yo an, **1-800-829-3676**, oubyen lè ou vizite sit entènèt nou an. Aprè ou fin konplete epi siyen fòm nan, retounen li bay biwo lokal Social Security pa lapòs oubyen an pèsòn.

Pou plis enfòmasyon, rele nimewo gratis Internal Revenue Service’s, **1-800-829-3676**, pou w mande pou Piblikasyon 554, *Tax Guide for Seniors*, ak Piblikasyon 915, *Social Security ak ekivalan Railroad Retirement Benefits*. Ou ka vizite tou sit entènèt IRS nan **www.IRS.gov**.

Sèvis nou ofri

Sèvis gratis Social Security yo

Kèk biznis fè reklam ke yo ka chanje non yo oubyen bay kat Social Security lè ou peye. Nou bay sèvis sa yo gratis, kidonk ou pa bezwen peye pou yo. Rele nou oubyen vizite sit entènèt nou anvan. Social Security se meye kote pou ou pran enfòmasyon sou Social Security.

Dènnye enfòmasyon yo

Pa okazyon, nou pral voye pou ou enfòmasyon enpòtan sou benefis Social Security ou yo, tankou:

- **Ajisteman kou lavi** Si kou lavi an ogmante, benefis ou yo pral ogmante otomatikman an Janvyè. N ap fè ou konnen nouvo montan an davans.
- **Limit lajan ou ka fè pa ane.** Si ou pi jèn ke laj retrèt total la, gen yon limit sou konbyen kòb ou ka fè epi kontinye toujou resevwa tout benefis Social Security ou yo. Montan sa a chanje dabitid chak ane. N ap fè ou konnen nouvo montan an davans. Pou plis enfòmasyon, tankou limit ane 2018 yo, ale na paj 6-8.

Kijan n ap kontakte ou

Dabitid nou voye yon lèt ba ou oubyen yon avi lè nou bezwen kontakte w, men kèk fwa yon reprezantan Social Security ka vin lakay ou. Reprezantan nou an ap montre ou yon pyès pou idantifye li avan li kòmanse pale w de benefis ou yo. Si ou ta gen dout sou yon moun ki di li sòti nan Social Security an, rele biwo Social Security an pou ou mande si nou voye yon moun wè ou. Epi sonje, anplwaye Social Security pap janm mande w lajan pou yo fè yon bagay pou ou.

Kont an liy my Social Security

Ou ka fè fasilman an liy yon kont my Social Security an sekirite. Sa ap pèmèt ou gen aksè a deklarasyon Social Security ou an pou ou verifye salè ou yo epi genyen yon estimasyon de benefis ou yo. Ou ka itilize tou kont an liy my Social Security ou an pou ou mande yon lòt nimewo kat Social Security (disponib nan kèk eta ak District of Columbia).

Si ou resevwa benefis yo, ou ka tou:

- Pran lèt verifikasyon benefis ou an
- Chanje adrès ou ak nimewo telefòn ou;
- Mande yon lòt kat Medicare;
- Mande yon lòt SSA-1099 oubyen SSA-1042S pou sezon taks la; oubyen

- Kòmanse oubyen chanje depo dirèk ou an.

Ou ka kreye yon kont my Social Security si ou gen 18 an oubyen pi gran ki sa, genyen yon nimewo Social Security, yon adrès lapòs Etazini ki mache, ak yon adrès email. Pou ou kreye yon kont, ale nan **www.socialsecurity.gov/myaccount**. W ap gen pou w bay kèk enfòmasyon pèsònèl pou ou konfime idantite ou, nou pral mande ou pou ou chwazi yon non itilizatè ak yon modpas, apre sa n ap mande ou adrès email ou. W ap bezwen chwazi kijan ou ta renmen resevwa yon kòd sekirite ke ou ka itilize yon (1) sèl fwa,- pa tèks sou yon telefòn selilè oubyen sou adrès email ou te anrejistre a-w ap gen pou w antre kòd sekirite a lè w ap kreye kont ou an. Chak fwa ou monte sou kont ou an ak non itilizatè ou epi modpas ou, n ap voye yon kòd sekirite pou ou ke w ap ka itilize yon (1) sèl fwa sou telefòn selilè ou oubyen adrès email ou. Kòd sekirite a fè pati de fonksyon nou pou nou amelyore sekirite pou nou pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou yo. Kenbe nan tèt ou ke mesaj tèks ak data konpayi telefòn ou an ka aplike.

Kisa ou dwe rapòte bay nou

Responsabilite ou

Fè nou konnen pi vit ke posib lè youn nan chanjman yo ki nan seksyon sa a rive.

REMAK: Si ou pa rapòte nou chanjman an sa ka fè nou peye ou an plis. Si nou peye ou an plis, n ap touche tout lajan nou pa dwe ou yo. Epi, si ou pa rapòte nou chanjman yo nan tan pou ou fè l la oubyen ou fè yon fo deklarasyon eksprè, nou ka kanpe benefis ou yo. Pou premye (1ye) vyolasyon an, benefis ou yo ap kanpe pou 6 mwa; pou dezyèm (2zyèm) vyolasyon an, 12 mwa; epi pou twazyèm (3zyèm) nan, 24 mwa.

Ou ka rele, ekri, oubyen vizite nou pou ou fè yon rapò. Kenbe nimewo reklamasyon ou an sou lamèn. Si ou resevwa benefis ki baze sou travay ou, nimewo reklamasyon ou an se menm ak nimewo Social Security ou an. Si ou resevwa

benefis sou dosye travay yon lòt moun, nimewo reklamasyon ou an ap nan nenpòt ki lèt ke nou voye ba ou sou benefis ou yo.

Yon lòt ajans gouvènman an ka bay enfòmasyon Social Security ou rapòte ba yo, men ou dwe rapòte chanjman an tou ba nou.

Si estimasyon salè ou yo an chanje

Si w ap travay, dabitid nou mande ou pou ou estime salè ou pou ane an. Si apre ou reyalize ke salè ou yo pral pi wo oubyen pi ba ke sa ou te estime an, fè nou konnen pi vit ke posib pou nou ka ajiste benefis ou yo. Ale nan “Working and getting Social Security at the same time” (travay epi jwenn Social Security an menm tan) nan paj 6 pou ede ou fè yon bon estimasyon.

Si w ap chanje kay

Lè ou gen plan pou ou chanje kay, ba nou nouvo adrès ak nimewo telefòn ou yo menm kote ou konnen yo an. Menm si ou resevwa benefis ou yo pa depo dirèk, Social Security dwe genyen bon adrès ou an pou nou ka voye lèt ak lòt enfòmasyon enpòtan pou ou. N ap kanpe benefis ou yo si nou paka kontakte w. Ou ka chaje adrès ou nan sit entènèt nou an lè ou louvri yon kont *my* Social Security. Oubyen ou ka rele **1-800-772-1213** epi itilize sistèm otomatik nou an.

Si nenpòt manm fanmi ki jwenn benefis yo ap chanje kay avè w, tanpri di nou non yo. Asirew ke ou ranpli yon fòm chanje adrès ak biwo lapòs ou an.

Si ou chanje kont depo dirèk yo

Si ou chanje enstitisyon finansyè, oubyen louvri yon nouvo kont, ou ka chanje depo dirèk ou an sou entènèt si ou gen yon kont *my* Social Security. Oubyen, nou ka chanje enfòmasyon depo dirèk ou an pa telefòn apre nou fin konfime idantite ou. Fòk ou genyen nimewo nouvo kont bank ou an ak ansyen an sou lamèn lè w ap rele nou. Numero sa yo enprime nan chèk pèsònèl ou yo ak relve kont ou yo. Enfòmasyon sa a pran anviwon 30-60

jou pou li chanje. Pa fèmen ansyen kont ou an jiskaske ou si ke yo depoze benefis Social Security ou yo sou nouvo kont lan.

Si yon moun paka jere lajan

Kèk fwa yon moun paka jere kòb pa li. Si sa rive, yo sipoze fè nou konnen sa. Nou ka aranje nou pou nou voye benefis yo bay yon fanmi, yon lòt moun, oubyen yon òganizasyon ki dakò itilize lajan an pou byennèt moun ki gen benefis yo. Nou rele moun sa a oubyen òganizasyon sa a yon “representative payee.” (reprizantan benefisyè) Pou plis enfòmasyon, li *A Guide for Representative Payees* (Publication No. 05-10076).

REMAK: Moun ki genyen “legal guardianship” (*gad legal*) oubyen “power of attorney” (*pwokirasyon*) pou yon moun pa kalifye otomatikman pou li yon reprizantan benefisyè.

Si ou gen yon pansyon de yon travay ki pa kouvri

Ou dwe di nou si ou kòmanse resevwa yon pansyon retrèt oubyen enfimite de yon travay ke ou pat peye taks Social Security yo — pa egzanp, de Federal Civil Service Retirement System oubyen kèk sistèm pansyon leta oubyen sivil. Benefis Social Security ou yo ka bezwen pou yo rekalkile yo, epi yo ka vin pi piti. Di nou tou si kantite montan pansyon ou an chanje.

Si w vin marye oubyen divòse

Si w vin marye oubyen divòse, benefis Social Security ou yo kapab afekte, sa depan de kalite benefis ou resevwa.

Si nou kanpe benefis ou yo paske ou vin marye oubyen remarye, nou ka kòmanse bay yo ankò si maryaj la fini.

Tablo ki anba a genyen egzanp ladann.

| Si ou gen: | Aprè: |
|----------------------------|--|
| Benefis retrèt ou | Benefis ou yo ap kontinye. |
| Benefis mari/ madanm yo | Benefis ou yo ap kontinye si ou vin divòse epi ou gen 62 lane oubyen plis ke sa a mwens ke ou te marye depi mwens ke 10 lane. |
| Benefis vèf oubyen vèf yo | Benefis ou yo ap kontinye si ou remarye lè ou gen 60 lane oubyen plis ke sa. Si ou gen ant 50-59 an epi ou enfim, benefis ou yo ap kontinye. |
| Lòt kalite benefis yo | An jeneral, benefis ou yo kanpe lè ou vin marye. Benefis ou yo ka rekòmanse ankò si maryaj la fini. |

Si ou chanje non ou

Si ou chanje non ou —lè ou marye, divòse, oubyen pa yon lòd tribinal — ou dwe di nou sa menm kote a. Si ou pa bannou enfòmasyon sa a, benefis ou yo pral vini sou ansyen non ou an epi, si ou gen depo dirèk, pèman yo ka pa rive sou kont ou.

Si ou jwenn benefis paske w ap pran swen yon timoun

Si ou resevwa benefis yo paske w ap pran swen yon timoun ki gen pi piti ke 16 lane oubyen ki enfim, ou dwe di nou menm kote an si timoun nan pa sou kont ou ankò oubyen si li chanje adrès. Ba nou non ak adrès moun timoun nan ap viv avè l la.

Yon separasyon ki tanporè ka pa afekte benefis ou yo si ou kontinye gen kontwòl tankou paran sou timoun nan, men benefis yo ap kanpe si timoun nan pa sou kont ou ankò. Si timoun nan retounen sou kont ou, nou ka kòmanse voye benefis yo ba ou ankò.

Benefis ou yo ap fini lè timoun ki pi jèn nan, ki pa marye epi ki sou kont ou vin gen 16 lane, a mwens ke li enfim. Benefis timoun ou an ka kontinye jan nou eksplike san an paj 8.

Si yon moun adopte yon timoun k ap resevwa benefis

Lè yo adopte yon timoun k ap resevwa benefis, fè nou konnen nouvo non timoun nan, dat dekrè adopsyon an, ak non epi adrès paran ki adopte l la. Adopsyon an pap kanpe benefis yo.

Si ou vin yon paran apre ou kòmanse resevwa benefis yo

Si ou vin paran yon timoun (menm si se yon adopsyon) apre ou kòmanse resevwa benefis yo, fè nou konnen pou nou ka deside si timoun nan elijib pou benefis yo.

Si ou fè yon krim eksepsyonèl oubyen ou gen yon manda arestasyon

Ou dwe di nou si ou te fè yon krim eksepsyonèl oubyen si ou gen yon manda arestasyon pou nenpòt nan vyolasyon sa yo:

- Pran avyon pou ou evite yo pouswiv ou oubyen pou yo pa arete ou ;
- Sove nan prison; epi
- Pran avyon pou ou sove.

Ou paka resevwa benefis retrèt regilye, sivivan, enfimite, oubyen nenpòt ki pèman nou dwe ou, pou nenpòt ki mwa ke yo kondane w pou yon krim eksepsyonèl oubyen lè ou gen yon manda arestasyon pou nenpòt nan vyolasyon yo.

Si ou kondane pou yon krim

Si ou gen benefis Social Security yo epi yo kondane ou pou yon krim, epi ou pase plis ke 30 jou youn dèyè lòt nan yon enstitisyon koreksyonèl, fè Social Security konnen sa menm kote a. An jeneral nou pa peye benefis pou mwa yon moun nan prizon, men lòt manm nan fanmi an ki elijib ka kontinye resevwa benefis yo.

Si ou fè yon krim epi ou fèmen nan yon enstitisyon

Dabitid nou pa peye benefis pou yon moun ki fè yon krim epi ki fèmen nan yon enstitisyon sou lòd tribinal epi sou kont leta pou plis ke 30 jou youn dèyè lòt. Sa aplike si yo jwenn moun nan:

- Koupab, men li fou; oubyen
- Li pa koupab paske li fou oubyen lòt menm rezon (tankou maladi mantal, domaj mantal, oubyen enkonpetans mantal); oubyen
- Enkonpetan pou yo jije li; oubyen
- Danjere seksyèlman.

Si ou kite Etazini (United States)

Si ou se sitwayen ameriken, ou ka vwayaje oubyen viv nan pifò lòt peyi etranje san sa pa afekte benefis Social Security ou yo. Genyen, sepandan, kèk peyi kote nou paka voye pèman Social Security yo. Peyi sa yo se Azèbaydjan, Belaris, Kiba, Kazakstan, Kigistan, Mòldavi, Kore di nò, Tajikistan, Tikmenistan, Ikrèn, ak Ouzbekistan. Sepandan, nou ka fè eksepsyon pou kèk benefisyè ki elijib yo nan peyi sa yo sof Kiba ak Kore di nò. Pou plis enfòmasyon sou eksepsyon sa yo, tanpri kontakte biwo lokal Social Security ou an.

Fè nou konnen si ou gen plan pou ou ale andeyò Etazini pou yon vwayaj k ap dire 30 jou oubyen plis. Di nou non peyi an oubyen peyi yo ou gen plan pou ou vizite ak dat ou espere kite Etazini. N ap voye pou ou enstriksyon reporting espesyal epi n ap di ou kòman pou ou aranje w pou benefis ou yo pandan ou pa la a. Asire w ke ou fè nou konnen kilè w ap tounen Etazini.

Si ou pa sitwayen ameriken, epi ou retounen viv Etazini, ou dwe bay prèv ke ou pa sitwayen ameriken pou ou kontinye resevwa benefis yo. Si w ap travay andeyò Etazini, gen règ diferan k ap aplike pou nou deside si ou ka jwenn benefis yo.

Pou plis enfòmasyon, li *Your Payments While You are Outside the United States* (Publication No. 05-10137).

Si Estati sitwayen ou chanje

Si ou pa yon sitwayen, fè nou konnen si ou vinn yon sitwayen ameriken oubyen si estati non sitwayen ou an chanje. Si stati imigrasyon ou ekspire, ou dwe ba nou nouvo prèv ki montre ke ou kontinye viv Etazini legalman.

Si yon benefisyè mouri

Fè nou konnen si yon moun k ap resevwa benefis Social Security mouri. Nou paka peye benefis pou mwa lanmò a. Sa vle di si moun nan mouri an Jiyè, ou dwe retounen chèk ou resevwa an Out la (ki se pèman pou mwa Jiyè). Si pèman an se pa depo dirèk, fè enstitisyon finansyè an konnen sa pi vit ke posib pou li ka retounen nenpòt ki pèman ke ou resevwa apre lanmò an.

Manm fanmi yo ka elijib pou benefis sivivan Social Security lè yon moun ki te jwenn benefis yo mouri.

Si w ap resevwa Avantaj Social Security ak Railroad Retirement

Si w ap resevwa tou de (2) Social Security ak Avantaj Railroad Retirement baze sou travay mari w/madanm ou, epi mari w/madanm ou mouri, ou dwe di nous a menm kote an. Ou pap elijib ankò pou w resevwa tou de (2) benefis yo ansanm. N ap di ou kiyès nan benefis sivivan an ou pral resevwa.

W ap travay epi w ap jwenn Social Security an menm tan

Kijan lajan w ap fè afekte benefis ou yo

Ou ka kontinye travay epi jwenn kanmenm benefis retrèt Social Security. Salè ou nan (epi aprè) mwa ou rive nan laj retrèt total la pap afekte benefis Social Security ou yo. Sepandan, nou pral redui benefisou yo, si salè ou yo depase sèten limit pou mwa yo anvan ou rive nan laj retrèt total la. (Laj retrèt total la se 66 lane ak 4 mwa pou moun ki fèt an 1956 epi li pral ogmante piti piti a 67 lane pou moun ki fèt an 1960 oubyen pi ta ke sa.) Ou ka vizite www.socialsecurity.gov/planners/retire/ageincrease.html pou ou jwenn laj retrèt total ou an.

- Si ou pi jèn ke laj retrèt total la, n ap retire \$1 (1 dola) nan benefis yo pou chak \$2 (2 dola) nan salè ke ou genyen ki pi wo ke limit anyèl la. (\$17,040 an 2018).

- Nan ane ou rive nan laj retrèt total ou an, nou redui benefis ou yo de \$1 (1 dola) pou chak \$3 (3 dola) lajan ou touche sou yon limit anyèl diferan (\$45,360 an 2018) jiska mwa ou rive nan laj retrèt total la. Apre ou jwenn pèman total benefis Social Security, kèlke swa kantite lajan ou touche.

Si ou pi jèn ke laj retrèt total la, epi yo kenbe kèk nan benefis ou yo paske salè ou yo depase \$17,040, men kèk bon nouvèl. Anviwon yon lane apre ou rive nan laj retrèt total la, nou rekalkile epi ogmante benefis ou yo pou nou konsidere mwa yo ou pat resevwa benefis yo oubyen ke nou te redui benefis yo.

Epitou, nenpòt salè ou touche apre ou fin siyen pou Social Security ka ogmante sale mwayen jeneral ou, epi benefis ou an pral ogmante pwobableman.

Pou plis enfòmasyon, li *How Work Affects Your Benefits* (Publication No. 05-10069-HC).

Yon règ mansyèl espesyal

Kèk fwa moun ki retirete nan mitan ane an te touche deja limit anyèl salè li ka fè an. Se pou sa nou aplike yon règ mansyèl espesyal a salè yo ki fèt nan yon ane, an jeneral premye (1ye) ane retrèt la. Anba règ sa a, ou ka jwenn tout benefis Social Security yo pou nenpòt ki mwa ou touche anba yon sèten limit, kèlke swa salè ou pandan ane an.

An 2018, nou konsidere yon moun pi jèn ke laj retrèt total la (laj 66 lane ak 4 mwa pou moun ki fèt an 1956) ki retirete, si salè li pa mwa se \$1,420 oubyen mwens ke sa. Pa egzanp, John Smith retirete a laj 62 lane an Out le 30, 2018 (30 Dawou 2018) Li pral fè \$45,000 jiska mwa Dawou. Li pran yon travay tan pasyèl ki kòmanse an Septanm, li ap touche \$500 pa mwa. Malgre ke salè li pou ane an depase sibstansyèlman limit 2018 (\$17,040), li pral resevwa yon pèman Social Security pou Septanm an Desanm. Se paske salè li yo nan mwa sa yo mwens ke \$1,420, limit mansyèl espesyal “premye ane retrèt” la pou moun ki pi jèn ke laj retrèt total

la. Si Mesye Smith touche plis ke \$1,420 nan nenpòt ki mwa sa yo (Septanm jiska Desanm), li pap resevwa yon benefis pou mwa sa a.

A pati de 2019, sèl limit anyèl yo pral aplike sou li paske li pap nan premye ane retrèt li ankò epi li itilize deja règ mansyèl espesyal la pandan ane sa a.

Si w ap travay ak tèt ou, nou baze limit mansyèl la sou ekzekisyon sèvis sibstansyèl nan biznis ou an. An jeneral, si ou travay plis ke 45 èdtan pa mwa nan travay ak tèt ou, ou pap gen benefis yo pou mwa sa a.

Si ou te travay pou salè

Salè yo konte nan limit kòb ou fè yo lè ou fin travay pou yo, pa lè ou touche. Si ou gen revni ke ou travay pou li pou yon ane, men yo peye w ane ki vini apre an, salè sa pap konte pou ane ou resevwa li an. Pami egzanp revni ke yo peye apre ou ka site konje maladi oubyen vakans ou akimile, bonis, opsyon stòk, ak lòt konpansasyon yo peye apre. Si ou resevwa salè nan yon ane pou travay ou te fè nan ane anvan yo, ou dwe kontakte nou.

Nou gen aranjman avèk Internal Revenue Service (IRS) pou patwon yo rapòte kèk tip konpansasyon yo peye apre nan fòm W-2. Montan sa yo nan bwat ki make, “Nonqualified plans.” N ap retire montan ki parèt nan bwat la nan total salè yo pou nou deside ki salè ke n ap konte pou ane sa a.

Si w ap travay ak tèt ou

Si w ap travay ak tèt ou, revni an konte lè ou resevwa li — pa lè ou genyen li — eksepte si yo peye w li nan yon ane apre ou fin gen dwa a Social Security epi ou te fin genyen li avan ou vin gen dwa a Social Security. Pa egzanp, si ou te kòmanse jwenn Social Security an Jen 2017 epi ou resevwa kèk lajan an Fevriye 2018 pou travay ou te fè avan Jen 2017, li pap konte kont limit salè 2018 ou an. Sepandan, si lajan ou resevwa an Fevriye 2018 la se te pou travay ou te fè apre Jen 2017, li pral konte kont limit salè 2018 ou an.

Rapòte salè ou yo

An koz salè ou yo ka afekte benefis Social Security ou yo, nou bezwen konnen konbyen kòb ou fè pandan ane an. An jeneral, nou pran enfòmasyon sa a nan:

- Salè ou yo ke kote w ap travay la rapòte nan fòm W-2 ou an; epi
- Salè ou yo lè w ap travay ak tèt ou an ke yo rapòte nan deklarasyon enpo sou revni ou an.

Ou bezwen rapòte salè ou yo ba nou apre ane an fini sèlman si:

- Ou elijib pou la règ mansyèl espesyal (ale na paj 7) (règ mansyèl espesyal) epi ou fè mwens kòb ke limit pa mwa a (si se sa, fè nou konnen pou nou ka peye ou benefis ou yo pou mwa sa a);
- Nan kèk oubyen tout salè ou fè yo ki parèt nan fòm W-2 ou an, genyen ou pat fè nan ane yo rapòte li an.
- Salè ou yo te depase limit lan, epi ou pat fè benefis nan travay ak tèt ou an;
- Fòm W-2 ou an montre salè yo moun ki ba ou travay la deklare, ke w ap ajoute nan yon deklarasyon enpo pou travayè endepandan (pa egzanp pastè yo);
- Ou ranpli yon deklarasyon enpo pou travayè endepandan, men ou pa bay ankenn sèvis nan biznis ou an, oubyen ou ranpli deklarasyon enpo ou pa ane fiskal
- Ou se yon kiltivatè, ou jwenn pèman pwogram agrikilti federal, oubyen ou fè revni nan pote rekòlt, oubyen
- Nou kenbe kèk benefis, men ou pa rantre kòb pou ane an, oubyen salè ou yo mwens ke sa ou te di nou.

Si nou gen pou n ajiste montan benefis ou an lè nou baze sou rapò ou, n ap fè ou konnen Revize enfòmasyon an enpòtan. Konsènan mitan ane a, nou ka voye yon lèt pou ou pou n mande ou pou w estime salè ou pou ane sa a ak pou ane k ap vini an. Estimasyon ou yo ap ede nou evite peye benefis ou yo an plis oubyen an mwens.

REMAK: Si ou genyen pèman Supplemental Security Income (SSI) (Revni Sekirite Sipleman tè) an plis de benefis Social Security ou yo, ou dwe rapòte nou tout lajan ou fè.

Estimasyon salè ou yo fè ak benefis ou yo

Nou ajistè benefis ou yo ane sa a lè nou baze sou salè ou di nou ou espere resevwa ane sa a.

Si lòt manm yo nan fanmi an jwenn benefis sou dosye ou an, lajan ou rantre yo ka afekte benefis total fanmi an. Men, si ou jwenn benefis yo kòm manm fanmi an, lajan ou rantre yo afekte sèlman benefis ou yo.

Revizyon estimasyon salè ou rantre yo

Lè w ap travay, ou dwe sere mòso papyè chèk yo peye ou an. Si pandan ane a, ou wè ke salè ou yo pral diferan de sa ou te estime an, ou dwe rele nou pou n revize estimasyon an. Sa ap ede nou peye ou kantite lajan ki kòrèk pou benefis Social Security ou yo.

Lòt enfòmasyon enpòtan

Benefis retrèt pou vèf ak vèv yo

Ou ka chanje pou w pran benefis retrèt yo ki baze sou pwòp travay ou si yo pi wo ke sa ou resevwa yo pou lanmò mari/madanm ou an. Benefis sa yo ka pi wo si ou genyen yo pi bonè ke laj 62 lane oubyen pi ta petèt ke laj 70 lane. Règ yo konplike epi yo varye, sa depann de sitiyasyon ou an. Si ou pa pale ak yon reprezantan Social Security sou benefis retrèt ou yo (oubyen sikonstans ou yo chanje), kontakte biwo lokal Social Security ou an pou w diskite de chwa ki disponib pou ou.

Benefis pou timoun yo

Si yon timoun jwenn benefis yo ki baze sou travay ou, gen bagay enpòtan ou dwe konnen sou benefis sa yo.

- **Lè yon timoun rive nan laj 18 lane**

- Benefis yon timoun kanpe nan mwa ki anvan timoun nan gen 18 lane, a mwens ke timoun nan enfim oubyen li se yon elèv a tan plen yon lekòl primè oubyen segondè.

- Anviwon senk (5) mwa avan 18th anivèsè timoun nan, moun k ap resevwa benefis timoun nan pral jwenn yon fòm k ap eksplike kijan benefis yo ka kontinye.

- Yon timoun ke benefis li yo kanpe a 18 lane ka fè yo rekòmanse yo ankò si li gen yon enfimite ki kòmanse avan laj 22 lane epi li ranpli lòt kritè pou pèman sa yo. Benefis yo ka rekòmanse tou si timoun nan vin yon elèv primè oubyen segondè a tan plen avan li rive laj 19 lane.

- **Si yon timoun enfim**

- Yon timoun ka kontinye resevwa benefis yo a laj 18 lane si li genyen yon andikap. Timoun nan ka kalifye tou pou pèman enfimite SSI. Rele nou pou plis enfòmasyon.

- **Si yon timoun laj 18 lane se yon elèv**

- Yon timoun ka resevwa benefis jiska laj 19 lane si li toujou yon elèv primè oubyen segondè a tan plen. Lè 19th (19yèm) anivèsè timoun ou an rive pandan yon peryòd lekòl, benefis yo an ka kontinye jiskaske peryòd la fini, oubyen pou de (2) mwa yo ki suiv 19th anivèsè an, nenpòt sa ki vini an premye an.

- Di Social Security menm kote an si timoun nan kite lekòl, chanje stati pou l pase de tan plen a tan pasyèl, ekspilse oubyen sispans, oubyen chanje lekòl. Epi di nou si moun ki bay elèv la travay peye l pou l al lekòl.

- Nou voye yon fòm bay chak elèv nan kòmansman ak nan fen ane lekòl la. Ranpli fòmilè an, epi retounen li ba nou, li enpòtan. Nou ka kanpe benefis yo si nou pa resevwa fòm nan.

- Yon elèv ka kontinye resevwa benefis yo pandan yon peryòd vakans kat (4) mwa oubyen mwens, si li gen plan pou l retounen lekòl a tan plen lè vakans lan fini.

- Yon timoun ki kanpe ak lekòl la ka rekòmanse resevwa benefis yo, si li retounen lekòl a tan plen avan laj 19 lane. Elèv la dwe kontakte nou epi aplike ankò pou benefis yo.

Remak: *Yon timoun ki pa elèv ankò ka resevwa benefis yo si li gen yon andikap ki kòmanse avan laj 22 lane. Timoun nan ka kalifye tou pou pèman enfimite SSI. Rele nou pou plis enfòmasyon.*

- **Kijan divòs afekte benefis yon bofis**

- Si yon bofis ap resevwa benefis yo ki baze sou travay ou, epi ou menm ak paran timoun nan divòse, benefis bofis la ap fini mwa divòs la fini an. Ou dwe di nou menm kote divòs la fini an.

Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP)

Ou ka jwenn èd pou manje nan Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP), ke yon konnen fòmèlman sou non food stamps. Vizite www.fns.usda.gov/snap pou ou konnen kijan pou w aplike. Pou plis enfòmasyon, li Supplemental Nutrition Assistance Program Facts (Publication No. 05-10101-HC). Pou enfòmasyon sou lòt pwogram nitrisyon ki ka disponib pou ou, li Nutrition Assistance Programs (Publication No. 05-10100). Tou lè de (2) piblikasyon yo disponib nan www.socialsecurity.gov/pubs.

Eske ou ka jwenn SSI?

Si ou gen revni ak resous ki limite, SSI ka ede w. SSI se yon pwogram federal ke nou jere. Se revni jeneral yo ki finanse pwogram SSI an, se pa taks Social Security yo.

SSI peye chèk chak mwa bay moun ki pa gen anpil resous ki gen 65 lane oubyen ki pi gran, oubyen ki avèg, oubyen ki andikape. Si ou jwenn SSI, ou ka kalifye tou pou Medicaid, SNAP, ak lòt sèvis sosyal.

Nou pa konte kèk revni ak kèk resous lè nou deside si ou elijib pou SSI. Kay ou ak machin ou, pa egzanp, pa konte an jeneral kòm resous. Rele nou pou plis enfòmasyon oubyen pou ou aplike pou SSI.

Si ou pa dakò ak yon desizyon nou pran

Si ou gen nenpòt kesyon sou montan pèman ou an, oubyen sou enfòmasyon nou voye ba ou, kontakte nou.

Si ou pa dakò ak yon desizyon nou pran, ou gen dwa pou ou mande nou pou nou rekonsidere li. Demand ou an dwe fèt pa ekri, epi ou dwe depoze li nan nenpòt ki biwo Social Security, nan yon delè 60 jou ki suiv dat ou te resevwa lèt w ap poze kesyon sou li an.

Si ou toujou pa satisfè, genyen lòt etap ou ka pran. Li *Your Right to Question The Decision Made on Your Claim* (Publication No. 05-10058-HC). (Dwa ou pou ou kesyone desizyon nou pran sou demand ou an)

Dwa ou pou yo reprezante w

Ou ka jere pwòp dosye apèl ou avèk èd gratis Social Security, oubyen ou ka chwazi pou yon reprezantan ede w. Nou ka ba ou enfòmasyon sou òganizasyon yo ki ka ede w jwenn yon reprezantan.

Pou plis enfòmasyon sou chwa yon reprezantan, li *Your Right to Representation* (Publication No. 05-10075-HC). (Dwa ou pou ou gen yon reprezantan)

Pwoteksyon enfòmasyon pèsònèl ou yo

Ou dwe kenbe kat Social Security ou an nan yon kote ki sekirite avèk lòt papye enpòtan. Pa pote li avè w a mwens ke ou vle montre li a moun ki anplwaye ou an oubyen yon moun k ap founi ou yon sèvis.

Social Security kenbe enfòmasyon pèsònèl ak konfidansyèl — non yo, nimewo Social Security yo, dosye salè yo, laj yo, ak adrès benefisyè yo — pou plizyè milyon moun. An jeneral, nou diskite de enfòmasyon ou yo sèlman avè w. Lè w ap rele oubyen vizite nou, nou pral poze pou plizyè kesyon pou w ede nou konfime idantite w. Si ou vle yon lòt moun ede w ak zafè Social Security ou, nou bezwen pèmasyon ou pou diskite enfòmasyon ou yo ak moun sa a.

Nou ankouraje ou pou ou fè atansyon ak nimewo Social Security ou epi pou ou pwoteje konfidansyalite li nenpòt lè li posib.

Nou pran angajman pou pwoteje konfidansyalite dosye ou yo. Lè yo mande nou bay enfòmasyon selon la lwa a lòt ajans gouvènman an k ap jere program sante oubyen èd sosyal yo, tankou Medicaid ak SNAP, ajans sa yo pa otorize pou yo pataje enfòmasyon sa yo ak nenpòt lòt moun.

Eksplikasyon sou Medicare

Medicare se yon plan asirans sante pou moun ki gen 65 lane oubyen plis ke sa. Moun ki andikape, oubyen ki gen ensifizans renal pèmanan, oubyen amyotrophic lateral sclerosis (Lou Gehrig's disease), ka jwenn Medicare a nenpòt ki laj.

Medicare gen kat (4) pati

- Pati A Medicare (asirans lopital) ede peye pou swen lopital pasyan ki entènè an ak kèk sèvis suivi.
- Pati B Medicare (asirans medikal) ede peye sèvis doktè yo, swen lopital ekstèn yo, ak lòt sèvis medikal yo.
- Pati C Medicare plan (Medicare Advantage yo disponib nan plizyè zòn. Moun ki gen Pati A ak B Medicare ka chwazi resevwa tout sèvis sante yo pa yon konpayi asirans prive ke Medicare aprouve pou bay kouvèti sa a.
- Pati D (Medicare kouvèti medikaman sou preskripsyon) ede kouvri lajan medikaman sou preskripsyon yo koute.

Kiyès ki elijib pou Pati A Medicare A?

Prèske tout moun jwenn Pati A a lè yo vin gen 65 an. Ou kalifye pou li otomatikman si ou elijib pou benefis Social Security oubyen Railroad Retirement Board. Oubyen, ou ka kalifye sou travay mari/madanm ou (menm si nou divòse). Lòt moun kalifye paske yo se anplwaye gouvènman an ki peye taks Medicare ke Social Security pa kouvri.

Si ou jwenn benefis envalidite Social Security pou 24 mwa, w ap kalifye pou Pati A.

Si ou jwenn benefis enfimite paske ou gen amyotrophic lateral sclerosis (Lou Gehrig's disease), ou pa bezwen tann 24 mwa pou ou kalifye.

Epitou, moun ki gen ensifizans renal pèmanan ki mande dyaliz ak grèf ren kalifye pou Pati A a, si yo te travay ase lontan oubyen si yo se mari/madanm oubyen pitit yon moun ki te travay ase lontan.

Kiyès ki elijib pou Pati B Medicare an?

Nenpòt moun ki elijib pou Pati A a ka jwenn Pati B a. Pati B a se yon opsyon epi en jeneral ou peye yon prim chak mwa pou li. An 2018, prim standa mansyèl la se \$134.00. Kèk moun ki gen revni ki pi wo peye prim ki pi wo.

Kiyès ki ka jwenn Pati C Medicare an?

Nenpòt moun ki gen Pati A ak Pati B Medicare ka rantre nan yon plan Medicare Advantage. Plan Medicare Advantage (Benefis Medicare) yo genyen:

- Plan swen ke Medicare jere
- Plan Medicare preferred provider organization (PPO) yo (òganizasyon founisè prefere)
- Plan prive pou w peye frè pou sèvis Medicare
- Plan pou spesyalite Medicare

An plis de prim Pati B ou an, ou ka gen pou w peye yon lòt prim mansyèl akòz benefis an plis plan Medicare Advantage la ofri.

Kiyès ki ka jwenn Pati D Medicare la?

Nenpòt moun ki gen Pati A oubyen Pati B Medicare elijib pou kouvèti medikaman sou preskripsyon. Asirans preskripsyon se yon opsyon, epi ou peye yon prim mansyèl an plis pou kouvèti a. Kèk moun ki gen revni ki pi wo peye prim ki pi wo. Anpil moun jwenn kouvèti Pati D yo an nan yon plan Medicare Advantage.

Pou plis enfòmasyon, li *Medicare* (Publication No. 05-10043-HC).

Kilè mwen dwe aplike pou Medicare?

Si ou poko jwenn benefis yo, ou dwe kontakte Social Security anviwon twa (3) mwa avan 65th (65yèm) anivèsè ou pou ou enskri pou Medicare. Ou dwe enskri pou Medicare menm si ou pa gen plan pou ou pran retrèt ou a 65 an.

Si ou deja jwenn benefis Social Security oubyen chèk Railroad Retirement Board, nou pral kontakte ou kèk mwa avan ou vin elijib pou Medicare epi voye enfòmasyon ba ou. Si w ap viv nan youn nan 50 eta yo, Washington, D.C., the Northern Mariana Islands, Guam, American Samoa, oubyen the U.S. Virgin Islands, n ap enskri ou otomatikman nan Pati A ak Pati B Medicare. Sepandan, kòm ou gen pou w peye yon prim pou kouvèti Pati B a, ou ka chwazi pou w kite li.

Nou pap enskri ou otomatikman nan plan medikaman sou preskripsyon Medicare an (Pati D). Part D a se yon opsyon epi ou dwe chwazi kouvèti sa a. Pou dènye enfòmasyon yo sou Medicare, vizite sit entènèt la oubyen rele numewo gratis la ki ekri anba a.

Medicare

Sitwèm: www.Medicare.gov
Nimewo gratis: **1-800-MEDICARE**
(1-800-633-4227)
Nimewo TTY: **1-877-486-2048**

REMAK: Si ou pa enskri nan Pati B ak Pati D lè ou fenk elijib, ou ka gen pou w peye yon penalite pou reta nan enskripsyon pou osi lontan ou genyen kouvèti Pati B a ak Pati D a. Epitou, ou ka gen pou w tann pou w enskri, sa ap fè ou gen

kouvèti a pi ta. Moun ki rete Pòtoriko oubyen nan peyi etranje pap resevwa Pati B a otomatikman. Yo dwe chwazi benefis sa a.

Health Savings Accounts (HSA) ak Medicare

Si ou gen yon HSA lè ou siyen pou Medicare, ou paka kontribye pou HSA ou an depi kouvèti Medicare ou a kòmanse. Si ou kontribye nan HSA ou an apre kouvèti Medicare ou an kòmanse, ou ka gen pou w peye yon penalite taks. Si ou ta renmen kontinye kontribye nan HSA ou an, ou pa dwe aplike pou benefis Medicare, Social Security, oubyen Railroad Retirement Board (RRB).

REMAK: Kouvèti san prim Pati A a kòmanse sis (6) mwa avan dat ou aplike pou Medicare (oubyen Social Security/RRB benefis), men pa pi bone ki premye (1ye) mwa ou te elijib pou Medicare a. Pou ou evite penalite taks, ou dwe sispann kontribye nan HSA ou an pou pi piti sis (6) mwa avan ou aplike pou Medicare.

“Ed an Plis” pou peye lajan medikaman ak preskripsyon Medicare yo

Si ou gen revni ak resous ki limite, ou ka kalifye pou Ed an Plis pou w peye medikaman ak preskripsyon ou yo sou Pati D Medicare a. Wòl Social Security se pou ede ou konprann kòman ou ka kalifye epi pou fè aplikasyon ou an pou Ed an Plis la mache. Pou w wè si ou kalifye oubyen pou ou aplike, rele nimewo gratis Social Security an, oubyen vizite sit entènèt nou an.

Ed pou lòt depans Medicare

Si ou gen revni limite ak resous ki pa anpil, leta ou an ka peye pou prim Medicare ou yo epi, nan kèk ka, lòt depans medikal tankou franchiz ak ko-asirans.

Sèl leta ou a ka deside si ou kalifye pou èd nan pwogram sa a. Pou plis enfòmasyon, kontakte Medicaid ou an, sèvis sosyal yo, oubyen biwo sèvis sante ak moun. Vizite

Medicare.gov/contacts, oubyen rele **1-800-MEDICARE** (TTY: **1-877-486-2048**) pou ou jwenn nimewo telefòn yo.

Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an **www.socialsecurity.gov**. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my* Social Security pou egzamine *Social Security Statement* (*Deklarasyon Sekirite Sosyal*) ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-10077-HC | January 2018

Kisa ou bezwen konnen Lè Ou Jwenn Benefis Retrèt oubyen Sivivan yo
What You Need to Know When You Get Retirement or Survivors Benefits (Haitian-Creole)
Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a